

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan modél pangajaran *Make A Match* dina pangajaran nulis surat resmi, hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap:

- 1) kamampuh nulis surat resmi saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Make A Match* kaasup kana katégori can mampuh, ieu hal katitén tina rata-rata kelas siswa anu rata-ratana 70.67. tina jumlah 30 siswa ukur salapan urang (30% dina wangun présentasé) anu mampuh, sedengkeun aya 21 urang (70% dina wangun présentasé) anu can mampuh. Rata-rata skor dumasar tina lima aspék anu dipenteun nyaéta: (1) aspék kasalayuan wangun surat kaasup kana kategori sedeng ieu hal katitén tina skor rata-rata kelasna 3.67; (2) aspék éjahan jeung tanda baca kaasup kana katégori sedeng, ieu hal bisa katitén tina skor rata-rata kelasna 3.27; (3) aspék bagian surat kaasup kana katégori sedeng, ieu hal bisa katitén tina skor rata-rata kelasna 3.87; (4) aspék pilihan kecap kaasup kana katégori sedeng, ieu hal bisa katitén tina skor rata-rata kelasna 3.1; jeung (5) aspék patalina eusi jeung tujuan surat kaasup kana katégori sedeng, ieu hal bisa katitén tina skor rata-rata kelasna 3.77.
- 2) kamampuh nulis surat resmi sabada ngagunakeun modél pangajaran *Make A Match* kaasup kana katégori can mampuh, ieu hal katitén tina rata-rata kelas siswa anu rata-ratana 83.73. tina jumlah 30 siswa ukur lima urang (17% dina wangun présentasé) anu can mampuh, sedengkeun aya 25 urang (83% dina wangun présentasé) anu mampuh. Rata-rata skor dumasar tina lima aspék anu dipenteun nyaéta: (1) aspék kasalayuan wangun surat kaasup kana kategori alus ieu hal katitén tina skor rata-rata kelas 4.00; (2) aspék éjahan jeung tanda baca kaasup kana katégori sedeng, ieu hal bisa katitén tina skor rata-rata kelasna 3.87; (3) aspék bagian surat kaasup kana katégori alus, ieu hal bisa katitén tina skor rata-rata kelasna 4.43; (4) aspék pilihan kecap kaasup kana katégori alus, ieu hal bisa katitén tina skor rata-rata kelasna 4.00; jeung (5)

aspék patali eusi jeung tujuan surat kaasup kana katégori alus, ieu hal bisa katitén tina skor rata-rata kelasna 3.60.

- 3) Aya peningkatan kamampuh nulis surat resmi antara saméméh ngagunakeun modél *Make A Match* jeung sanggeus ngagunakeun modél *Make A Match*. Dina kamampuh awalna siswa dikatégorikeun kana can mampuh rata-ratana 70.67, sedengkeun sanggeus ngagunakeun modél *Make A Match* kamampuh siswa kaasup kana katégori mampuh jeung rata-rata kelasna ningkat jadi 83.73.
- 4) Aya beda anu signifikan antara kamampuh nulis surat resmi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Make A Match*. Dumasar kana hasil ngitung jeung katangtuan uji hipotésis, katitén yén  $t_{itung} > t_{tabel}$  nyaéta  $12.32 > 2.46$ . ku kituna hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak. Ieu hal nuduhkeun modél pangajaran *Make A Match* signifikan dina ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis surat resmi.

## 5.2. Saran

Dumasar kana data di luhur dina ieu panalungtikan, sababaraha saran anu diteupikeun saperti ieu di handap:

- 1) Hasil ieu panalungtikan nuduhkeun yén modél *Make A Match* téh éféktif pikeun ningkatkeun kamampuh nulis surat resmi. Ku sabab kitu ieu modél bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun pangajaran nulis, khususna nulis surat resmi.
- 2) Implémentasi modél *Make A Match* kudu merhatikeun proses dilaksanakeunnana ieu modél, ku sabab nalika ieu modél dilaksanakeun suasana kelas bakal ramé, jeung guru kudu bisa ngontrol kelas.
- 3) Kulantaran ieu panalungtikan ukur ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, perlu dilaksanakeun penelitian anu leuwih jembar, ku cara ngagunakeun métode penelitian anu sejen.